



Èske w yon ti jan jennen?

Evite dyare pwopaje
pandan w ap fè
bagay nan dèyè.

Rele 311 oswa **ale sou [nyc.gov/health/clinics](https://www.nyc.gov/health/clinics)**
pou konnen ki kote yo ka resevwa vaksen
kont epatit A gratis oswa bon mache.

Al kay doktè ou si ou gen sentòm.
Gade dèyè kat sa a pou plis enfòmasyon.

NYC
Health

Enfeksyon dyare ka gaye pandan gason ki konn fè bagay ak gason ap fè bagay.

Ti jwèt nan twou dèyè tankou bay dwèt, foure ponyèt, itilize jwèt pou twou dèyè, ak fè bagay nan dèyè ka lakòz enfeksyon nan dèyè.

Nenpòt kontak avèk pou pou ka bay enfeksyon takou amibyaz, kriptosporidiaz, gyardaz, epatit A ak shigelloz.

Atansyon pou sentòm tankou:

- + Dyare
- + Vant fè mal ak balonnman
- + Lafyè
- + Kè plen
- + Po jòn (lajònis, yon siy enfeksyon epatit A)

Kijan mwen ka pwoteje tèt mwen?

- + Rete tann de (2) semèn apre dyare a pou w fè bagay.
- + Lave men ou, grenn ou, dèyè ou, ak jwèt pou fè bagay ak savon ak dlo avan ak apre ou fè bagay.
- + Pran vaksen epatit A a.
- + Si ou gen sentòm, ale kay doktè ou oswa ale nan yon sal swen ijan.

Rele 311 oswa **ale sou [nyc.gov/health/clinics](https://www.nyc.gov/health/clinics)** pou konnen ki kote yo ka resevwa vaksen kont epatit A gratis oswa bon mache.